

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilakukeun pikeun ngadéskripsikeun “Korélasii antara Pangaweruh jeung Kamampuh Makéna Undak Usuk Basa Sunda”. Siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nyaéta: (1) nyieun soal, (2) nguji kualitas soal (3) ngayakeun téz, (4) ngolah data, (5) ngadeskripsikeun, (6) kacindekan, (7) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun saperti kieu:

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



X : Pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda

Y : Kamampuh makena undak usuk basa Sunda

3.2 Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta déskriptif korélasional. Panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu ngagambarkeun, atawa medar hiji perkara kalawan ngagunakeun prosedur ilmiah pikeun

ngajawabna sacara aktual. Sipat panalungtikan deskriptif nyaéta ngajelaskeun saayana, sakumaha nu kapanggih dilapangan kalawan medar pasualan nu jadi puseur panalungtikan. Léngkah-léngkah panalungtikan deskriptif nyaéta milih jeung ngarumuskeun hiji pasualan, nangtukeun jenis data jeung prosedur ngumpulkeunana, nganalisis data, nyindekeun, jeung nyieun laporan (Sutedi, 2009: 58).

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh sarta ngadéskripsikeun hubungan atawa korélasí antara pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda. Ku kituna, salian ti métode deskripsi, métode séjéenna nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode korélasí, pikeun mikanyaho ayana hubungan antara dua variabel, di antarana variabel X (Pangaweruh undak-usuk basa Sunda) jeung variabel Y (Kamampuh makéna undak usuk basa Sunda).

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré tur puguh tatapakanna, dina ieu panalungtikan ditétélakeun sababaraha wangenan operasional.

3.3.1 Korélasí

Korélasí nyaéta studi hubungan antara dua variabel atawa leuwih sarta bisa méré gambaran ngeunaan hubungan antara variabel. Ku kituna dina ieu hal bisa katingali ayana korélasí/hubungan pangaweruh jeung kamampuh murid dina makéna undak usuk basa Sunda.

3.3.2 Pangaweruh Undak Usuk Basa Sunda

Undak usuk basa Sunda nyaéta panta-pantana basa, dipakéna diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan, sarta situasi nu nyarita jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeunana (Tamsyah, 1987: 9). Undak-usuk basa Sunda dipaké ku urang Sunda lantaran basa Sunda mangrupa basa rasa. Ku kituna ieu undak-usuk basa Sunda aya sababaraha tahapan, diantarana aya basa lemes, loma/sedeng, kasar jeung kasar pisan (cohag), panalungtik maluruh pangaweruhna ngeunaan undak-usuk basa Sunda sarta maluruh kamampuh pamahaman kana ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda anu ngawengku, ragam loma, ragam hormat ka batur, sorangan jeung saluhureun sarta dina ragam basa kasar pisan.

3.3.3 Kamampuh Undak Usuk Basa Sunda

Basa Sunda miboga panta-panta mkena basa, nyaéta dina ngalarapkeun basa lemes, loma/sedeng, kasar jeung kasar pisan (cohag). Ieu hal mangrupa hiji kamampuh mkena undak usuk basa Sunda saumpama dipake dina komunikasina sapopoe. Kukituna kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda nyaéta gumantung kana pangaweruhna dina nyangkem undak usuk basa Sunda.

3.4 Populasi jeung Sampel

Medar ngeunaan perkara populasi jeung sampel, nyaéta pikeun medar ngeunaan perkara nu ditalungtik, saperti dihadap ieu.

a. Populasi

Populasi nyaéta wilayah *general* objék atawa subjék nu ditalungtik sarta mibanda kualitas jeung karakteristik nu tangtu nepika panalungtik bisa nangtukeun nu rék di talungtikna. Populasi dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang taun ajaran 2011-2012.

b. Sampel

Sampel nyaéta bagian tina wilayah nu rék ditalungtik, nyaéta pikeun ngawakilan nu ditalungtik saumpama populasi nu rék ditalungtik lega teuing, ku kituna sampel digunakeun kalawan ngawakilan sababaraha objék nu rék ditalungtik, sampel nu dipilih kudu bener-bener répréséntatif dina harti objék nu ditalungtik ngawakilan sageblengna, boh tina karakteristik, boh tina jumlah. Sampel panalungtikan nyaéta siswa kelas X anu jumlahna 65 urang tina 98 urang. Sampel dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik *propositif*. Ieu téhnik nyaéta pikeun meunangkeun data ti populasi anu teu di pilah-pilah subjékna pangna dina hal milah-milah antara nu pinter jeung nu bodo. Kukituna ieu sampel miboga anggepan sarua ka sakabéh sampel pikeun jadi subjék panalungtikan (Sugiyono, 2009 : 117-118).

3.5 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa cara (prosedur) pikeun meunangkeun data nu diperlukeun sageblengna, sangkan tujuan panalungtikan nu dipiharep

kahontal. Tehnik dina ieu panalungtikan ngawengku dua teknik, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés, anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh objék panalungtikan. Tés nu dilakukeun nyaéta tés objéktif, anu mangrupa soal-soal nu jawabanna geus disadiakeun. Di antarana tés mangrupa soal *pilihan ganda* anu jumlahna 30 soal kalawan 4 *option*.

3.5.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada meunangkeun data nu dibutuhkeun ti lapangan, kalawan ngagunakeun téhnik tés, satulunya data diolah ngagunakeun téhnik analisis statistik.

Léngkah-léngkah nu digunakeun pikeun ngolah data ti lapangan, nyaéta:

a. Analisis Kualitas Soal

Nganalisis soal pangaweruh katut kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda ngawengku uji validitas soal, uji réliabilitas tés, nguji tingkat hésé babarina soal jeung ngitung indéks tingkat pangbéda soal.

b. Analisis Uji Tés

- 1) Ngitung skor atah (SAK)
- 2) Ngitung skor atah bersih (SAB), kalawan ngagunakeun rumus

$$SAB = \sum B - \frac{\Sigma S}{n-1}$$

Keterangan:

SAB = skor atah bersih

B = jawaban benar

S = jawaban salah

n = jumlah alternatif jawaban

3) Ngitung mean ideal kalawan rumus:

$$MI = \frac{1}{2} \times SI$$

4) Ngitung standar deviasi idéal (SDI) kalawan maké rumus :

$$SDI = \frac{1}{3} \times MI$$

Ngalrapkeun kana skala 10

Tabél 3.1

Pedoman Konvérsi Pikeun Skala 10

Skala angka	Peunteun (ubahan skala)	Keterangan
MI+2,25 (SDI)	10	sampurna
MI+1,75 (SDI)	9	hadé pisan
MI+1,25 (SDI)	8	hadé
MI+0,75 (SDI)	7	cukup
MI+0,25 (SDI)	6	sedeng
MI-0,25 (SDI)	5	rada sedeng
MI-0,75 (SDI)	4	kurang
MI-1,25 (SDI)	3	kurang
MI-1,75 (SDI)	2	goréng
MI-2,25 (SDI)	1	goréng pisan

c. Uji Hipotésis Korélasí Antara Pangaweruh jeung Kamampuh

Ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda

Ngitung koéfisien korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda kalawan maké léngkah-léngkah di handap ieu:

- 1) Ngitung korélasi kalawan maké rumus:

$$r_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{[N \sum X^2 - (\sum X)^2][N \sum Y^2 - (\sum Y)^2]}}$$

Keterangan:

r_{xy} = koéfisién korélasi

$\sum XY$ = jumlah produk X jeung Y

$\sum X^2$ = jumlah kuadrat skor X

$\sum Y^2$ = jumlah kuadrat skor Y

Sabada ngitung r_{xy} tuluy diinterpretasikeun kana harga r_{xy} di handap ieu:

Tabél 3.2
Klasifikasi Interpretasi Korélasi

0,80 – 1,00	luhur pisan
0,60 – 0,80	luhur
0,40 – 0,60	cukup
0,20 – 0,40	handap
0,00 – 0,20	handap pisan

(Arikunto, 2008: 75)

- 2) Nguji hipotésis, kalawan ngagunakeun rumus :

$$t_{itung} = \frac{r\sqrt{n-2}}{\sqrt{(1-r^2)}}$$

Kritéria nguji hipotésis nyaéta lamun $t_{itung} \geq t_{tabéł}$ dina taraf signifikan 5%, hartina aya korélasi anu hadé antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun

undak usuk basa Sunda. Sabalikna $t_{itung} \leq t_{tabéI}$ hartina euweuh korélesi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Panalungtikan kuantitatif, mangaruhan pisan kana kualitas Instrumén jeung kualitas ngumpulkeun data. Panalungtikan kuantitatif raket pisan patalina jeung validitas jeung réliabilitas instrumén sarta kualitas ngumpulkeun data, ku kituna panalungtikan kuantitatif gumantung kana cara panalungtikan jeung instrumén panalungtikanana sangkan hasil instrumén panalungtikan bisa kauji validitas jeung réliabilitasna (Sugiyono, 2009: 305).

3.6.1 Nyusun Instrumén Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, instrumén nu digunakeun nyaéta té. Tés nyaéta saruntuyan patalékan atawa latihan soal nu dijadikeun alat nu digunakeun pikeun ngukur pangaweruh intelegrasi sarta kamampuh nu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2010: 266).

Instrumén nu digunakeun pikeun ngukur pangaweruh jeung kamampuh ngeunaan undak usuk basa Sunda nyaéta mangrupa soal *pilihan ganda* anu jumlahna 30 soal, anu masing-masing variabel X jeung Y jumlahna 15 soal.

Anapon léngkah-léngkah nyieun instrumén nyaéta:

- 1) Nyieun kisi-kisi soal;
- 2) Nyieun pananya nu luyu jeung kisi-kisi soal;

3) Mariksa tur nyarungsum soal;

Kisi-kisi soal anu dijadikeun alat ukur pangaweruh undak usuk basa Sunda bisa dititénan dina tabél di handap ieu:

Tabél 3.3
Kisi-kisi Pangaweruh Undak Usuk Basa Sunda

No	Konsep pangaweruh undak usuk basa Sunda	Jumlah soal	No. Soal
1	Wangenan undak usuk basa Sunda	1	5
2	Ragam basa nu dipaké keur ka saluhureun	1	1
4	Ragam basa nu dipaké keur di forum/hareupeun balaréa	1	3
5	Ragam basa nu dipaké keur ka sato	1	4
6	Ragam basa nu dipaké keur ambek	2	6, 10
7	Ragam basa lemes nu dipaké keur batur	2	7, 14
8	Ragam basa lemes nu dipaké keur sorangan	2	8, 9, 15
9	Wangenan makéna basa kasar pisan	1	11
10	Wangenan makéna basa loma	1	12
11	Wangenan makéna basa lemes	1	13

Kisi-kisi soal nu dijadikeun alat ukur kamampuh undak usuk basa Sunda bisa dititénan dina tabél di handap ieu:

Tabél 3.4
Kisi-kisi Kamampuh Makéna Undak Usuk Basa Sunda

No	Konsép kamampuh undak usuk basa Sunda	Jumlah soal	No. Soal
1	Ngalarapkeun ragam basa lemes keur ka batur	6	16, 17, 19, 20, 21, 30
2	Ngalarapkeun ragam basa lemes keur sorangan	3	18, 22, 29
3	Ngalarapkeun ragam basa kasar	3	26, 27, 28
4	Ngalarapkeun ragam basa loma	3	23, 24,

		25
--	--	----

3.6.2 Nguji Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan digunakeun pikeun ngukur nilai variabel sarta ngukur data sacara akurat dumasar kana nu ditalungtik (Sugiyono, 2009:133).

a. Nguji Validitas Soal

Nguji validitas soal nu dilakukeun, nyaéta ngagunakeun uji coba instrumén. Uji coba instrumén nyaéta hiji tarékah pikeun mikanyaho valid henteuna soal sacara signifikan, ku kituna sabada di uji coba instrumén nu dilakukeun nyaéta nguji soal ka sampel nu séjén, lain sampel objék panalungtikan, uji instrumén dilakukeun ka 20 urang pikeun nguji validitas soal saacan diujikeun ka objék panalungtikan SMA Plus Merdéka Soréang, uji validitas soal tés dilakukeun maké rumus korélasí *product moment* kalawan angka kasar saperti di handap ieu :

$$r_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{[N \sum X^2 - (\sum X)^2][N \sum Y^2 - (\sum Y)^2]}}$$

Keterangan:

- r_{xy} = koéfisién korélasí antara variabel x jeung variabel y, dua variabel nu dikorélasikeun.
- n = jumlah sampel
- X = jumlah total sampel nu ngajawab bener dina hiji soal
- Y = jumlah total sampel bener tina sakabéh soal

Hasil tina koéfisién dikonsultasikeun kana tabél harga kritik tabél *product moment* kalawan tingkat kapercayaan 5%. Kritéria nu digunakeun nyaéta lamun r itung $> r_{tabel}$, éta soal téh dianggap valid.

Tabél 3.5
Klasifikasi Interprétasi Validitas

R	Interprétasi
(1)	(2)
$0,80 < r_{xy} \leq 1,00$	Luhur pisan (sampurna)
$0,60 < r_{xy} \leq 0,80$	Luhur (validitas luhur)
(1)	(2)
$0,40 < r_{xy} \leq 0,60$	Cukup (validitas sedeng)
$0,20 < r_{xy} \leq 0,40$	Handap (validitas handap)
$R_{xy} \leq 0,20$	Handap pisan (teu valid)

(Suyatna dina Nuraeni, 2011: 60)

Dumasar hasil uji validitas soal pangaweruh undak usuk basa Sunda, tina 15 soal nu diujikeun ka 20 siswa, katitén hasilna : 11 soal valid kalawan 1 soal kaasup kana kritéria luhur pisan (sampurna), 2 soal kaasup kana kritéria luhur (validitas luhur), 4 soal kaasup kritéria sedeng (validitas sedeng), 4 soal kaasup kritéria handap (validitas handap), 4 soal teu valid kalawan kritéria handap pisan (teu valid). Sedengkeun soal kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda nu jumlahna 15 soal, 12 soal valid kalawan 1 soal kaasup kana kritéria luhur (validitas luhur), 6 soal kaasup kritéria sedeng (validitas sedeng), 5 soal kaasup kritéria handap (validitas handap), 3 soal teu valid kalawan kritéria handap pisan (teu valid). (Leuwih jéntréna aya dina tabél lampiran).

b. Nguji Réliabilitas

Réliabilitas nyaéta ajeg, hartina bisa ngahasilkeun data nu sarua saumpama digunakeun sababaraha kali. Réliabilitas instrumén aya hubungana

jeung masalah kapercayaana. Ku kituna, uji reliabilitas dilaksanakeun pikeun nunjukeun yén éta instrumén téh bisa dipercaya salaku alat ngumpulkeun data.

Pikeun nguji reliabilitas instrumén tés pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda, léngkah-léngkahna nyaéta:

1. Ngitung r_{xy} ngagunakeun rumus *product moment*

$$r_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{[N \sum X^2 - (\sum X)^2][N \sum Y^2 - (\sum Y)^2]}}$$

Keterangan:

r_{xy} = koefisién korélasí antara variabel x jeung variabel y, dua variabel nu dikorélasikeun.

n = jumlah sampel

X = skor ganjil

Y = skor genap

2. Data diolah deui ngagunakeun téhnik *belah dua*, ieu téhnik tés dilakukeun sakali, biasana jawaban dibagi dua nyaéta skor tina soal ganjil (X) jeung skor tina soal genap (Y). Satuluyna dimeunangkeun angka korélasina ngagunakeun rumus korélasí *product moment* diluhur. Anu satuluyna data diasupkeun ngagunakeun rumus:

$$r = \frac{2 \times r_{xy}}{1 + r_{xy}}$$

Soal pangaweruh diinterpretasikeun kana $r_{tabel} = 20$ kalawan taraf signifikansi $5\% = 0,423$, hasil tina téhnik belah dua diluhur dimeunangkeun $r = 0,75$ (réliabel).

Soal kamampuh diinterpretasikeun kana $r_{tabé}$ 20 kalawan taraf signifikansina 5% nyaéta 0,423 hasil tina téhnik belah dua diluhur dimeunangkeun $r = 0,44$ (rélabel).

Sanggeus harga r_{itung} dikonsultasikeun kana $r_{tabé}$, satuluyna r_{itung} diinterpretasikeun kana kritéria réliabilitas pikeun mikanyaho kritéria interprétasina. Dihadap ieu mangrupa klasifikasi interprétasi réliabilitas:

Tabé 3.6

Klasifikasi Interprétasi Réliabilitas

R	Interprétasi
0,80-1,00	Luhur pisan
0,60-0,79	Luhur
0,40-0,59	Cukup
0,20-0,39	Handap
0,00-0,19	Handap pisan

(Arikunto, 2008 : 93)

Dumasar kana hasil itung diluhur, hasil uji réliabilitas soal pangaweruh téh nyaéta 0,75 hartina, soal té luhur. Hasil uji réliabilitas soal kamampuh téh nyaéta 0,44 hartina soal té cukup. (Leuwih jéntréna aya dina tabé lampiran).

c. Nguji Tingkat Hésé Babarina Soal

Pikeun nguji tingkat hésé babarina soal pangaweruh dina wangu pilihan ganda ngagunakeun rumus :

$$THB = \frac{nB}{N}$$

Keterangan:

- THB = tingkat hésé babarina soal pilihan ganda
 nB = lobana réspondén nu ngajawab soal kalawan bener
 N = jumlah réspondén

Tabel 3.7**Interprétasi Tingkat Hésé Babarina Soal**

Tingkat hésé-babarina	Interprétasi
$0,00 \leq \text{THB} < 0,30$	Soal hésé
$0,31 \leq \text{THB} < 0,70$	Soal sedeng
$0,71 \leq \text{THB} \leq 1,00$	Soal gampang

(Arikunto, 2008:210)

Dumasar hasil uji tingkat hésé babarina soal pangaweruh ngagunakeun undak usuk basa Sunda, tina 15 soal nu diujikeun hasilna: 7 soal kaasup kana katégori soal nu gampang, 8 soal kaasup kana kritéria soal sedeng. Hasil uji tingkat hésé babarina soal kamampuh makéna undak usuk basa Sunda, tina 15 soal nu diujikeun hasilna 8 soal kaasup kana katégori soal nu gampang, 6 soal kaasup kana katégori sedeng, jeung 1 soal kaasup kana katégori hésé. (Leuwih jéntréna aya dina tabél lampiran).

d. Nguji Tingkat Pangbéda

Skor butir nu hadé nyaéta bisa ngabédakeun kelompok asor jeung kelompok unggul. Pikeun ngitung daya pangbéda soal kamampuh wangu pilihan ganda digunakeun rumus:

$$DP = \frac{S_u}{N_u} - \frac{S_a}{N_a}$$

Keterangan:

- DP = daya pangbéda
 S_u = jumlah skor siswa kelompok unggul

- S_a = jumlah skor siswa kelompok asor
 N = jumlah subjék kelompok unggul jeung asor (27,5% tina total respondén)

Pikeun nafsirkeun tingkat daya pangbéda, dipaké patokan ti saperti dihandap:

Tabél 3.8
Klasifikasi Interprétasi Daya Pangbéda Soal

Daya pangbéda	Intérprétasi
$0,70 \leq DSP \leq 1,00$	alus pisan
$0,40 \leq DSP \leq 0,70$	Alus
$0,20 \leq DSP \leq 0,40$	Cukup
$0,00 \leq DSP \leq 0,20$	Goréng
$DSP (-) < 0,00$	goréng pisan

(Arikunto, 2008: 218)

Hasil tina uji daya pangbéda soal pangaweruh ngagunakeun undak usuk basa Sunda tina 15 soal katitén yén 4 soal kaasup kana kritéria alus pisan , 2 soal kaasup kritéria alus, 1 soal kaasup kana kritéria cukup, 7 soal kaasup kana kritéria goréng, 1 soal kaasup kana kritéria goréng pisan. Hasil uji daya pangbéda soal kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda tina 15 soal katitén 1 soal kaasup kana kritéria alus pisan, 3 soal kaasup kana kritéria alus, 4 soal kaasup kana kritéria cukup, 5 soal kaasup kana kritéria goréng, 2 soal kaasup kana kritéria goréng pisan. (Leuwih jénréna aya dina tabél lampiran).

3.7 Prosedur Panalungtikan

Léngkah-léngkah nu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah poko nyaéta: tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.

3.7.1 Tahap Tatahar

Aya sababaraha prosés saacan panalungtikan dilaksanakeun, nyaéta:

- 1) Ngajukeun judul panalungtikan;
- 2) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 3) Ngayakeun talaah pustaka;
- 4) Nangtukeun sumber data;
- 5) Ngayakeun konsultasi.

3.7.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Aya sababaraha tahap pikeun ngumpulkeun data, nyaéta:

- 1) Ngayakeun konsultasi jeung pangaping.
- 2) Ngayakeun obsérvasi;
- 3) Nyieun soal téspanalungtikan;
- 4) Ngayakeun téspangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda;

3.6.3 Tahap Ngolah Data

Pikeun ngolah data, aya sababaraha nu dilakukeun, nyaéta:

- 1) Ngayakeun konsultasi jeung dosén pangaping
- 2) Mariksa data nu geus kakumpul ;
- 3) Ngajén pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda;
- 4) Ngorélasikeun variabel pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda;
- 5) Ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan;
- 6) Nyieun kacindekan hasil panalungtikan;

3.7.4 Tahap Nyusun Laporan

Saméméh jadi beundeulan skripsi nu mangrupa ahir tina ieu panalungtikan. Sakabéh data panalungtikan nu geus diolah, satuluyna data dicindekkeun hasil ahirna.

